

Kijan pou Dokimante Pwopriyete ak Lokasyon kay pou FEMA

Release Date: Jen 9, 2023

Kòm yon pati nan pwosesis asistans pou katastwòf la, FEMA dwe verifye pwopriyete ak lokatè kay prensipal ki andomaje yo. FEMA te pran dispozisyon pou rann li pi fasil pou sivivan nan katastwòf yo nan konte Broward ki te gen pèt nan gwo tanpèt tònad ak inondasyon ki te pase 12-14 avril la pou verifye pwopriyete ak lokatè.

Pwopriyete ak Lokatè yo dwe kapab pwouve yo te okipe rezidans prensipal yo anvan katastwòf la te andomaje yo anvan yo resevwa Èd Lojman FEMA ak kèk lòt kalite Èd FEMA bay. Kounye a, FEMA aksepte yon pakèt dokiman kòm prèv.

Pwopriyete:

- Pwopriyete kay yo ka bay dokiman ofisyèl tankou, men li pa limite ak:
 - Ak orijinal oswa ak fidisi sou pwopriyete a.
 - Deklarasyon ipotèk oswa analiz depo fidisyè a.
 - Resi taks kay oswa Bòdwo taks kay
 - Sètifika oswa tit kay fabrike a

- Anplis de sa, FEMA aksepte kounye a yon lèt ofisyèl piblik. Deklarasyon ofisyèl piblik (pa egzanp, chèf lapolis, direktè lapòs, oswa federal, eta, lokal, teritoryal, oswa tribi ofisyèl) dwe gen ladan non aplikan an, adrès rezidans ki te domaje nan katastwòf la, aplikan oswa lòt aplikan an ki te posede rezidans ki te domaje nan moman katastwòf la, ak non ak nimewo telefòn ajan ki te bay verifikasyon an.



FEMA

Page 1 of 3

- Mete sou sa, FEMA ka aksepte yon deklarasyon yon moun ekri sou tèt li kòm yon dènye rekou nan men sivivan yo ki gen pwopriyete eritaj yo, kay mobil yo oswa karavàn ki pa gen dokiman tradisyonèl sou pwopriyete a ka sètifye pwòp tèt li kòm yon dènye rekou.
- FEMA te avanse tou dat dokiman ki elijib yo soti twa mwa rive yon ane anvan katastwòf la.

Lokasyon:

Pwopriyetè kay ak lokatè yo dwe dokimante ke yo te nan kay ki domaje a nan moman katastwòf la.

- Aplikan yo ka bay dokiman ofisyèl lokasyon tankou, men li pa limite ak:
 - Bòdwo sèvis piblik, deklarasyon labank oswa kat kredi, bòdwo telefòn, elatriye.
 - Dokiman anplwayè yo
 - Kontra ekri lokasyon/lojman
 - Resi Lokasyon
 - Dokiman yon fonksyonè piblik
- Kounye a FEMA ap aksepte anrejistremant otomobil, lèt ki sòti nan lekòl lokal yo (piblik oswa prive), avantaj ki bay pa leta oswa federal, òganizasyon sèvis sosyal oswa dokiman tribinal.
- Aplikan yo ka sèvi tou ak yon deklarasyon ki siyen soti nan yon komèsyal oswa pwopriyetè kay mobil oswa yon sètifika ekri pa pwòp moun nan pou yon kay mobil oswa karavàn kòm yon dènye rekou. Li dwe gen ladan detay enpòtan.

Pou plis enfòmasyon sou ki dokiman FEMA ap aksepte, ak deskripsyon yo, rele FEMA nan 800-621-3362 pou pale ak yon ajan.



FEMA

Page 2 of 3

Aplikasyon nan Florida ki bezwen asistans jiridik gratis konsènan dokiman pwopriyete kay epi ki pa gen mwayen pou yon avoka ka rele liy dirèk asistans jiridik pou katastwòf nan 866-550-2929. Liy dirèk la disponib 24/24, 7/7 epi moun ki rele yo ka kite yon mesaj nenpòt kilè.

Pou aplike pou asistans pou katastwòf FEMA a, ale sou [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), itilize [aplikasyon mobil FEMA](#) a oswa rele nan 800-621-3362. Gen èd ki disponib nan plizyè lang. Si ou itilize yon sèvis relè, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a.



FEMA

Page 3 of 3